

# INKURU NZIZA



LA BONNE NOUVELLE



Kandi mu kwezi kwa gatandatu, umumarayika Gaburiyeli atumwa n’Imana mu gisagara c’i Galilaya citwa Nazareti, ku nkumi ikowe n’umugabo yitwa Yosefu, wo mu nzu ya Dawidi, izina ry’iyo nkumi ni Mariya. Yinjira ah’ ari, aramubgira, ati N’amahoro, ugiriwe ubuntu, Umwami Imana ari kumwe nawe. Ariko we ahagarika umutima cane w’iryo jambo, yibaza iyo ndamukanyo iy’ ari yo. Umumarayika aramubgira, ati Nta co utinya, Mariya, kuk’ ugiriwe ubuntu n’Imana. Umve, uzosama inda, uvyare umuhungu, kand’ uz’ umwite YESU. Azoba mukuru, azokwitwa Umwana w’Isumba vyose, kand’ Umwami Imana azomuha intebe y’ubgami ya sekuruza Dawidi, ahangame mu nzu ya Yakobo ibihe bidashira; ubgami bgiwe ntibuzogira iherezo. Mariya aramubgira, at’ Ehe nd’ umugurano w’Umwami Imana, bimbere ukw ijambo ryawe rivuzwe. Maz’ umumarayika ava ah’ ari, aragenda.

(Luka 1:26-33 & 38)

\*\*\*\*\*

Au sixième mois, l'ange Gabriel fut envoyé par Dieu dans une ville de Galilée, appelée Nazareth, auprès d'une vierge fiancée à un homme de la maison de David, nommé Joseph. Le nom de la vierge était Marie. L'ange entra chez elle, et dit: Je te salue, toi à qui une grâce a été faite; le Seigneur est avec toi. Troublée par cette parole, Marie se demandait ce que pouvait signifier une telle salutation. L'ange lui dit: Ne crains point, Marie; car tu as trouvé grâce devant Dieu. Et voici, tu deviendras enceinte, et tu enfanteras un fils, et tu lui donneras le nom de Jésus. Il sera grand et sera appelé Fils du Très-Haut, et le Seigneur Dieu lui donnera le trône de David, son père. Il règnera sur la maison de Jacob éternellement, et son règne n'aura point de fin. Marie dit: Je suis la servante du Seigneur; qu'il me soit fait selon ta parole! Et l'ange la quitta.

(Luc 1:26-33 & 38)



Yosefu na we ava i Galilaya mu gisagara c’i Nazareti, aja i Yudaya mu gisagara ca Dawidi, citwa Betelehemu, kuko yakomotse mu nzu ya Dawidi mu muryango wiwe: aja kwiyandikishanya na Mariya uwo yakoye, yar’ akuriwe. Bakiriyo, igihe ciwe co kuvyara kirashika. Avyara umuhungu w’uburiza, amuzingirakw impuzu y’uruyoya, amuryamika mu bgato bg’inka, kuko bāri babuze umwanya mu ndāro. (Luka 2:4-7)

\* \* \* \* \*

Joseph aussi monta de la Galilée, de la ville de Nazareth, pour se rendre en Judée, dans la ville de David, appelée Bethléhem, parce qu'il était de la maison et de la famille de David, afin de se faire inscrire avec Marie, sa fiancée, qui était enceinte. Pendant qu'ils étaient là, le temps où Marie devait accoucher arriva, et elle enfanta son fils premier-né. Elle l'emballota, et le coucha dans une crèche, parce qu'il n'y avait pas de place pour eux dans l'hôtellerie. (Luc 2:4-7)



Mur' iyo ntāra hār' abungere bārāra mu gahinga barāririye umukuku w'intungwa zabo. Umumarayika w'Umwami Imana ahagarara i ruhande yabo, ubgiza bg'Umwami bubakayanganira irya n'ino, baterwa n'ubgoba bginshi. Umumarayika arababgira, ati Nta co mutinya, umve ndababarira ubutumwa bgiza bg' akanyamuneza kenshi kazoba ku bgoko bganyu bgose. Uyu musu Umukiza abavukiye mu gisagara ca Dawidi, ni we Kristo Umwami. Iki ni co kimenyamenya canyu, murasanga umwana w'uruyoya azingiriwekw impuzu y'uruyoya, aryamitswe mu bgato bg'inka. Uwo mwanya hamwe n'uwo mumarayika haboneka ingabo nyinshi zo mw ijuru, zihimbaza Imana,  
 Zit' Icubahiro ni kibe ku Mana ahasumba ijuru,  
 No mw isi amahoro abe mu b'inezzerwa. (Luka 2:8-14)

\*\*\*\*\*

Il y avait, dans cette même contrée, des bergers qui vivaient dans les champs et gardaient leurs troupeaux durant les veilles de la nuit. Et voici, un ange du Seigneur leur apparut, et la gloire du Seigneur resplendit autour d'eux. Ils furent saisis d'une grande frayeur. Mais l'ange leur dit: Ne craignez point; car je vous annonce une bonne nouvelle, qui sera pour tout le peuple le sujet d'une grande joie: c'est qu'aujourd'hui, dans la ville de David, il vous est né un Sauveur, qui est le Christ, le Seigneur. Et voici à quel signe vous le reconnaîtrez: vous trouverez un enfant emmaillotté et couché dans une crèche. Et soudain il se joignit à l'ange une multitude de l'armée céleste, louant Dieu et disant: Gloire à Dieu au plus haut des cieux, et paix sur la terre parmi les hommes qu'il agréa!

(Luc 2:8-14)



Kand' uno mwana arakura, agwiza inkomezi, yuzuzwa ubgenge, ubuntu  
bg'Imana bgari kuri we. (Luka 2:40)

\*\*\*\*\*

Or l'enfant grandissait et se fortifiait. Il était rempli de sagesse, et la  
grâce de Dieu était sur lui. (Luc 2:40)



Ni ko Yohana yaje, abatiriza mu bugaragwa, yigisha ukubatizwa kwo kwihana, ngo babohorwe ivyaha. Igihugu c’i Yudaya cose n’ab’i Yerusalemu bose bava i wabo, baza kuri we: ababatiriza mu ruzi Yorodani, bātuye ivyaha vyabo. Kandi Yohana yambara ubgoya bg’ingamiya, akabukenyeza umukanda w’urusato mu rukenyerero, kandi yarya inzige n’ubūki bgo mw ishamba. Yaravuga, at’ Ūndusha ubushobozi azoza mu nyuma yanje, ntibimbereye no kwunama ngo mpfundurure utugozzi tw’inkweto ziwe. Jehu ndababatirishije amazi, ariko we azobabatirisha Mpwemu Yera. Mur’ iyo misi Yesu ava i Nazareti i Galilaya, araza, abatizwa na Yohana muri Yorodani. Avuye mu mazi, aca abona ijuru ritandukanye, Mpwemu aramanuka amugwako, asa n’inuma. Ijwi riva mw ijuru, riti Ni wewe Mwana wanje nkunda ukampimbara. (Mariko 1:4-11)

\*\*\*\*\*

Jean parut, baptisant dans le désert, et prêchant le baptême de repentance, pour le pardon des péchés. Tout le pays de Judée et tous les habitants de Jérusalem se rendaient auprès de lui; et, confessant leurs péchés, ils se faisaient baptiser par lui dans les eaux du Jourdain. Jean portait un vêtement un peau de chameau, et une ceinture de cuir autour des reins. Il se nourrissait de sauterelles et de miel sauvage. Il prêchait, disant: Il vient après moi celui qui est plus puissant que moi, et je ne suis pas digne de délier, en me baissant, la courroie de ses souliers. Moi, je vous ai baptisés avec de l'eau; lui, il vous baptisera avec le Saint-Esprit. En ce temps-là, Jésus vint de Nazareth en Galilée, et fut baptisé par Jean dans le Jourdain. Au moment où il sortait de l'eau, il vit les cieus s'ouvrir, et l'Esprit descendre sur lui comme une colombe. Et une voix fit entendre des cieus ces paroles: Tu es mon Fils bien-aimé, en toi j'ai mis toute mon affection.

(Marc 1:4-11)



Maz' adūga umusozi muremure, ahamagara abo agomba, baza kuri we. Atoranya icumi na babiri bo kubana na we, maze ngw abatume kwigisha, no kugira ububasha bgo gusenda abadayimoni. (Mariko 3:13-15)

\*\*\*\*\*

Il monta ensuite sur la montagne; il appela ceux qu'il voulut, et ils vinrent auprès de lui. Il en établit douze, pour les avoir avec lui, et pour les envoyer prêcher avec le pouvoir de chasser les démons. (Marc 3:13-15)




Hār' umuntu mu Bafarisayo, yitwa Nikodemo, yar' umukuru wo mu Bayuda; uwo aza kuri we mw ijoro, aramubgira, ati Mwigisha, turazi yuk' ur' umwigisha yavuye ku Mana, kukw ata muntu ashobora gukora ibimenyetso nk' ivyo ukora, shit' Imana iri kumwe na we. Yesu aramwishura, ati N' ukuri, n' ukuri ndakubgire: Iy' umuntu atavyawe ubga kabiri, ntashobora kubona ubgami bg' Imana. Nikodemo aramubaza, at' Umuntu ashobora ate kuvyarwa ashaje? Mbega yashobora gusubira mu nda ya nyina akavuka? Yesu aramwishura, ati N' ukuri, n' ukuri ndakubgire: Iy' umuntu atavyawe n' amazi na Mpwemu, ntashobora kwinjira mu bgami bg' Imana. Ikivyawe n' umubiri na co n' umubiri; ikivyawe na Mpwemu na co n' impwemu. (Yohana 3:1-6)

\*\*\*\*\*

Mais il y avait un homme parmi les pharisiens, nommé Nicodème, un chef des Juifs, qui vint, de nuit trouver Jésus et lui dit: Rabbi, nous le savons, tu viens de la part de Dieu comme un Maître; car personne ne peut faire les miracles que tu fais, si Dieu n'est pas avec lui. Jésus lui répondit: En vérité, en vérité, je te le dis, à moins de naître de nouveau, nul ne peut voir le Royaume de Dieu. Nicodème lui dit: Comment un homme peut-il naître quand il est vieux? Peut-il rentrer dans le sein de sa mère et naître? Jésus répondit: En vérité, en vérité, je te le dis, si un homme ne naît d'eau et d'Esprit, il ne peut entrer dans le royaume de Dieu. Ce qui est né de la chair est chair, et ce qui est né de l'Esprit est esprit. (Jean 3:1-6)





Hashize igihe gitoya, aja mu gisagara citwa Nayini: abigishwa biwe n'ishengero ryinshi bajana na we. Ashitse hafi y'irembo ry'igisagara, hasokoroka abajanye umuvyimba kuwuhamba, ariko yar' ikinege, kandi nyina yar' umupfakazi: abantu benshi bo mur' ico gisagara bari kumwe na we. Umwami Yesu amubonye amutera akagongwe, aramubarira, ati Nta co urira. Yigira hafi y'ikigagara, agikorako, abahamvyi barahagarara. Aravuga, ati Muhungu, ndakubariye nti Vyuka. Uwari yapfuye aravyuka, aricara, atangura kuvuga; Yesu amuha nyina.

Bose baterwa n'ubgoba, bahimbaza Imana, bat' Ūvugishwa n'Imana ahambaye aserutse muri twebge; kandi bat' Imana igendeye abantu bayo. (Luka 7:11-16)

\*\*\*\*\*

Le jour suivant, Jésus alla dans une ville appelée Naïn; ses disciples et une grande foule faisaient route avec lui. Lorsqu'il fut près de la porte de la ville, voici, qu'on portait en terre un mort, fils unique dont la mère était veuve; et il y avait avec elle beaucoup de gens de la ville. Le Seigneur, l'ayant vue, fut ému de compassion pour elle, et lui dit: Ne pleure pas! Il s'approcha, et toucha le cercueil. Ceux qui le portaient s'arrêtèrent. Il dit: Jeune homme, je te le dis, lève-toi! Et le mort s'assit, et se mit à parler. Jésus le rendit à sa mère.

Tous furent saisis de crainte, et ils glorifiaient Dieu en disant: Un grand prophète a paru parmi nous, et Dieu a visité son peuple. (Luc 7:11-16)



Yesu yunamuye amaso, abona ishengero ryinshi riza kuri we, abaza Filipo, ati Tugurira hehe imitsima, ngo barye bose? Icatumye avuga artyo kwār' ukumugeza, kuk' ubgiwe yar' azi ico agira akore. Filipo aramwishura, at' Imitsima y' idenariyo amajana abiri ntiyobakwira, nah' umuntu wese yohabga gatoya. Umwe mu bigishwa biwe, ni Andereya mwene nyina wa Simoni Petero, aramubgira, ati Hano har' umuhungu ari n'udutsima dutanu twa sayiri, n'udufi tubiri, ariko tumaze iki mu bantu bangaho? Yesu aravuga, ati Ni mwicarike abantu. Kand' aho hantu hār' ivyatsi vyinshi: nukw abantu baricara, igitigiri cabo cari nk'ibihumbi bitanu. Maze Yesu yābira ya mitsima, arayihezagira, ayigaburira abicaye, n'ifi na zo nk'uko bagomba. Bamaze guhāga, abgira abigishwa biwe, ati Ni mutororokanye utumanyagu tw' imisigazwa, hoye kugira igipfa ubusa. Baradutororokanya, buzuz ibisimbo cumi na bibiri vy'utuma-nyagu twa ya mitsima itanu ya sayiri, utw' abāriye bashigaje. Bano bantu babonye ikimenyetso akoze, baravuga, bati N'ukuri uyu ni wa muntu avugishwa n'Imana yar' akwiye kuza mw isi. (Yohana 6:5-14)

\*\*\*\*\*

Ayant levé les yeux, et voyant qu'une grande foule venait à lui, Jésus dit à Philippe: Où achèterons-nous des pains, pour que ces gens aient à manger? Il disait cela pour le mettre à l'épreuve, car il savait ce qu'il allait faire. Philippe lui répondit: Les pains qu'on aurait pour deux cents deniers ne suffiraient pas pour que chacun en reçoive un peu. Un de ses disciples, André, frère de Simon Pierre, lui dit: Il y a ici un jeune garçon qui a cinq pains d'orge et deux poissons; mais qu'est-ce que cela pour tant de gens? Jésus dit: Faites-les asseoir. Il y avait dans ce lieu beaucoup d'herbe. Ils s'assirent donc, au nombre d'environ cinq mille hommes. Jésus prit les pains, rendit grâces, et les distribua à ceux qui étaient assis; il leur donna de même des poissons, autant qu'ils en voulurent. Lorsqu'ils furent rassasiés, il dit à ses disciples: Ramassez les morceaux qui restent, afin que rien ne se perde. Ils les ramassèrent donc, et ils remplirent douze paniers avec les morceaux qui restaient des cinq pains d'orge, après que tous eurent mangé. Ces gens, ayant vu le miracle que Jésus avait fait, disaient: Celui-ci est vraiment le prophète qui doit venir dans le monde.

(Jean 6:5-14)



Buhwibiriye, abigishwa biwe bamanuka ku kiyaga, batambukira mu bgato, bajabuka baja hakurya y'ikiyaga i Kaperinawumu. Bgateranye Yesu atarabashikira; ikiyaga gitangura kuzungazunga, kuk' umuyaga mwinshi uhuhuta. Bamaze gusōza nka stadiyo mirongwibiri na zitanu canke mirongwitatu, babona Yesu agendesha amaguru hejuru ku kiyaga, arikw arēgēra ubgato, na bo baratinya. Maz' arababgira, ati Ni jewe, nta co mutinya. Bumva bakunze kumushira mu bgato, buno nyene buca bushika i musozi aho baja. (Yohana 6:16-21)

\*\*\*\*\*

Quand le soir fut venu, ses disciples descendirent au bord de la mer. Etant montés dans une barque, ils traversaient la mer pour se rendre à Capernaüm. Il faisait déjà nuit, et Jésus ne les avait pas encore rejoints. Il soufflait un grand vent, et la mer était agitée. Après avoir ramé environ vingt-cinq ou trente stades, ils virent Jésus marchant sur la mer et s'approchant de la barque. Et ils eurent peur. Mais Jésus leur dit: C'est moi; n'ayez pas peur! Ils voulaient donc le prendre dans la barque, et aussitôt la barque aborda au lieu où ils allaient. (Jean 6:16-21)



Maze bamuzanira abana bato, ngw abakoreko: abigishwa barabakankamira. Maze Yesu abibonye, araraka, arababarira, ati Ni mureke abana bato baze aho ndi, ntimubabuze: kuk' ubgami bg'Imana ar' ubg' abameze bartyo. Ndababgire ukuri, ūtazokwākīra ubgami bg'Imana nk'umwana muto, ntazobginjiramwo na gatoya. Arabarera, arabahezagira, abarambitsekw ibiganza. (Mariko 10:13-16)

\*\*\*\*\*


On lui amena des petits enfants, afin qu'il les touche. Mais les disciples reprirent ceux qui les amenaient. Jésus, voyant cela, fut indigné, et leur dit: Laissez venir à moi les petits enfants, et ne les en empêchez pas; car le royaume de Dieu est pour ceux qui leur ressemblent. En vérité, je vous le dis, quiconque ne recevra pas le royaume de Dieu comme un petit enfant n'y entrera point. Puis il les prit dans ses bras, et les bénit, en leur imposant les mains. (Marc 10:13-16)



Ni jewe mwungere mwiza; umwungere mwiza yigura intama ziwe. (Yohana 10:11)  
Abābaye intama zanje bumva ijwi ryanje, nanje ndabazi, na bo barankurikira,  
kandi nanje mbaha ubugingo budashira, nta ho bazokwiger a bapfa rubi gushitsa  
ibihe bidashira, kandi nta wushobora kubanshikura mu kuboko kwanje.  
(Yohana 10:27-28)

\*\*\*\*\*

Je suis le bon berger. Le bon berger donne sa vie pour ses brebis. (Jean 10:11)  
Mes brebis entendent ma voix; je les connais, et elles me suivent. Je leur donne  
la vie éternelle; et elles ne périront jamais, et personne ne les arrachera de ma main.  
(Jean 10:27-28)



Nukw abaherezi bakuru n'Abafarisayo bakoranya abanyekombe, barababaza, bati Mbega, tugire dute? K'uyu muntu akora ibimenyetso vyinshi. Ni twamurekeraho durtyo, bose bazohava bamwizera, kand' Abaroma bazoza batikize igisagara cacu n' ubgoko bgacu. Arik' umwe muri bo, ni Kayafa, yar' umuherezi mukuru mur' uwo mwaka, arababgira, ati Mwebge nta co muzi na mba, kandi nta co mwiyumvira yukw ar' ibibereye kubganyu k'umuntu umwe apfira abantu, hak' ubgoko bgose buhona. Ivyo ntiyabivuze avyigeneye, ariko, kuko yar' umuherezi mukuru mur' uwo mwaka, yavugishijwe ko Yesu agira apfire ubgo bgoko; kandi s'ubgo bgoko bgonyene, ariko ngw abana b'Imana bose bari basanzaye, abakoranirize hamwe. Nuko bahera uwo musu baja inama yo kumwica. (Yohana 11:47-53)

\*\*\*\*\*

Alors les grands prêtres et les pharisiens réunirent un conseil, et dirent: Que ferons-nous? Car cet homme fait beaucoup de miracles. Si nous le laissons faire, tous croiront en lui, et les Romains viendront détruire notre ville et notre nation. L'un d'eux, Caïphe, qui était grand prêtre cette année-là, leur dit: Vous n'y comprenez rien; vous ne songez pas qu'il est dans votre intérêt qu'un seul homme meure pour le peuple, et que la nation entière ne périsse pas. Or, il ne dit pas cela de lui-même; mais étant grand prêtre cette année-là, il prophétisa que Jésus devait mourir pour la nation. Et ce n'était pas pour la nation seulement; c'était aussi afin de réunir en un seul corps les enfants de Dieu dispersés. Dès ce jour, ils résolurent de le faire mourir. (Jean 11:47-53)




Bugorovyе, yicarana n’abigishwa biwe cumi na babiri ngo basangire. Bariko bararya, arababgira, ati Ndababgira ukuri yuk’ umwe muri mwebge agira angure. Barababara cane, batangura kumubaza umwe-umwe, bati Ni jewe ga Mugenzi? Arabishura, at’ Uwo duhūje amaboko mu gukoza mu mubehe, ni we angura.

(Matayo 26:20-23)

\*\*\*\*\*

Le soir étant venu, il se mit à table avec les Douze. Pendant qu'ils mangeaient, il dit: En vérité, je vous le dis, l'un de vous me livrera. Ils furent profondément attristés, et chacun se mit à lui dire: Est-ce moi, Seigneur? Il répondit: Celui qui a mis avec moi la main dans le plat, c'est celui qui me livrera.

(Matthieu 26:20-23)



N'abandi babiri, b'inkozi z' ibibi, bajananwa na we kwicanwa na we. Bashitse ahantu hitwa Nyagihanga, bamubambanaho na za nkozi z' ibibi, umwe i buryo bgiwe, uwundi i bumoso. Umwe mu nkozi z' ibibi babambge aramutuka, ati Si wewe Kristo? Ni wikize, natwe udukize. Arik' uwa kabiri amwishura amuhana, ati No kwubaha Imana ntuyubaha, kand' uciriwe urubanza rumwe n'urwiwe? Tweho turishuye, kuko tugiriwe ibihwanye n'ivyo twakoze: arik' uyu nta kibi yakoze. Kand' aravuga, at' Urahava uz' unyibuke Yesu, ah' uzozira mu bgami bgawe. Aramwishura, ati Ndakubgire ukuri: Uyu musu urabana nanje muri Paradiso.


(Luka 23:32-33 & 39-40)

\*\*\*\*\*

On conduisait en même temps deux malfaiteurs, qui devaient être mis à mort avec Jésus. Lorsqu'ils furent arrivés au lieu appelé Crâne, ils le crucifièrent là, ainsi que les deux malfaiteurs, l'un à droite, l'autre à gauche. L'un des malfaiteurs crucifiés l'injuriait, disant: N'est-tu pas le Christ? Sauve-toi toi-même, et sauve-nous! Mais l'autre le reprenait, et disait: Ne crains-tu pas Dieu, toi qui subis la même condamnation? Pour nous, c'est justice, car nous recevons ce qu'ont mérité nos crimes; mais celui-ci n'a rien fait de mal. Et il dit à Jésus: Souviens-toi de moi, quand tu viendras dans ton règne. Jésus lui répondit: En vérité, je te le dis, aujourd'hui tu seras avec moi dans le paradis.

(Luc 23:32-33 & 39-43)







Kandi hāri nk'isaha zitandatu, ubgirakabiri bukorana mu gihugu cose, bushitsa mw isaha y'icenda, izuba ryazimanganye; igihuzu gikingiriza ahēra cane h'urusengero gitantamukamwo kubiri. Yesu amaze gusemerera n'ijwi rirenga, aravuga, ati Data, mu maboko yawe ni ho nshize ubugingo bganje. Ahejeje kuvuga artyo aracikāna. Umugabisha w'abasoda ijana abonye ibibaye, ahimbaza Imana, ati N'ukuri uyu muntu yar' umugororotsi. (Luka 23:44-47)

\*\*\*\*\*


Il était déjà environ la sixième heure, et il y eut des ténèbres sur toute la terre, jusqu'à la neuvième heure. Le soleil s'obscurcit, et le voile du temple se déchira par le milieu. Jésus s'écria d'une voix forte: Père, je remets mon esprit entre tes mains. Et, en disant ces paroles, il expira. Le centurion, voyant ce qui était arrivé, glorifia Dieu, et dit: Certainement, cet homme était un juste. (Luc 23:44-47)



Ariko bugorovyе haza umutunzi w’i Arimataya yitwa Yosefu, kandi na we yar’ umwigishwa wa Yesu; uyo aja kuri Pilato asaba ikiziga ca Yesu. Maze Pilato avuga ko bakimuha. Yosefu ajana ico kiziga, akizingira mu mpuzu yera nziza, agishira mu mva yiwe nsha, yari yarimbishije mu bitandara; atembagaza ikibuye kinini acugaza umuryango w’imva, aragenda. Mariya Magdalene na Mariya wundi ni ho bāri bari, bicaye berekeye ku mva. (Matayo 27:57-61)

\*\*\*\*\*



Le soir étant venu, arriva un homme riche d'Armathée, nommé Joseph, qui était aussi disciple de Jésus. Il se rendit vers Pilate, et demanda le corps de Jésus. Pilate ordonna de le lui remettre. Joseph prit le corps, l'enveloppa d'un linceul blanc, et le déposa dans un sépulcre neuf, qu'il s'était fait tailler dans le roc. Puis il roula une grande pierre à l'entrée du sépulcre, et il s'en alla. Marie de Magdala et l'autre Marie étaient là, assises en face du sépulcre. (Matthieu 27:57-61)



Ku wa mbere w'imisi ndwi kare mu mutwenzi baja kuri ya mva, bajanye vya bimota neza bateguye. Basanga ikibuye gitembagajwe kivuye ku mva; binjirayo ntibasangamw' ikiziga c'Umwami Yesu. Ivyo bikibazazaniye, abagabo babiri bahagarara i ruhande yabo, bambaye impuzu zikayangana. Bagitinye, bunamitse amaso hasi, barababaza, bati N'iki gitumye muronderera uriho, ahantu h'abapfuye? Ntari hano, ariko yazutse. Mwibuke uko yababgiye, akir' i Galilaya, at' Umwana w'umuntu akwiye gushirwa mu maboko y'abanyavyaha, no kubambga, no kuzuka ku musu ugira gatatu. Bibuka ya majambo yiwe. (Luka 24:1-8)

\*\*\*\*\*


Le premier jour de la semaine, elles se rendirent au sépulcre de grand matin, portant les aromates qu'elles avaient préparés. Elles trouvèrent la pierre roulée devant le sépulcre; et, étant entrées, elles ne trouvèrent pas le corps du Seigneur Jésus. Comme elles ne savaient que penser de cela, deux hommes leur apparurent, en habits resplendissants. Saisies de frayeur, elles baissèrent le visage vers la terre; et ils leur dirent: Pourquoi cherchez-vous parmi les morts celui qui est vivant? Il n'est pas ici, mais il est ressuscité. Souvenez-vous de quelle manière il vous a parlé, lorsqu'il était encore en Galilée, et qu'il disait: Il faut que le Fils de l'homme soit livré entre les mains des pécheurs, qu'il soit crucifié, et qu'il ressuscite le troisième jour. Et elles se souvinrent des paroles de Jésus. (Luc 24:1-8)



Ako kanya barikora, basubira i Yerusalemu, basanga bamwe cumi n'umwe bakoranye, bo n'abāri kumwe na bo, kandi bavuga, bati N'ukuri Umwami Yesu yāzutse, kandi yabonywe na Simoni. Na bo babadondera vya bindi vyo mu nzira, kandi yuko bamumenyeshejwe n'uko yamanyaguye umutsima. Bariko baravuga ivyo, Yesu ubgiwe ahagarara hagati muri bo, arababgira, at' Amahoro abe muri mwebge. Ariko bafatwa n'ubgoba bacika ivutu, bagira ngo n'umuzimu babonye. Arababaza, at' Ikibahagaritse imitima n'iki? Kandi n'iki gitumye mubūranisha imitima? Ni murābe ibiganza vyanje n'ibirenge vyanje, mumenye kw ari jewe ubganje: ni munkorakore, murābe, kuk' umuzimu utagira inyama n'amagufa, nk'ivyo mumbonana. Avuze ivyo, abereka ibiganza vyiwe n'ibirenge. (Luka 24:33-40)

\*\*\*\*\*

Se levant à l'heure même, ils retournèrent à Jérusalem, et ils trouvèrent les Onze, et ceux qui étaient avec eux, assemblés et disant: Le Seigneur est réellement ressuscité, et il est apparu à Simon. Et ils racontèrent ce qui leur était arrivé en chemin, et comment ils l'avaient reconnu au moment où il rompit le pain. Tandis qu'ils parlaient de la sorte, lui-même se présenta au milieu d'eux, et leur dit: La paix soit avec vous! Saisis de frayeur et d'épouvante, ils croyaient voir un esprit. Mais il leur dit: Pourquoi êtes-vous troublés, et pourquoi de pareilles pensées s'élèvent-elles dans vos cœurs? Voyez mes mains et mes pieds, c'est bien moi; touchez-moi et voyez: un esprit n'a ni chair ni os, comme vous voyez que j'ai. Et en disant cela, il leur montra ses mains et ses pieds. (Luc 24:33-40)



Arababgira, ati Ni ko vyanditswe yuko Kristo akwiye kubabazwa no kuzuka mu bāpfuye ku musu ugira gatatu, kandi yuk' ukwihana no guharirwa ivyaha bikwiye kuvugwa mw izina ryiwe mu mahanga yose, uhereye i Yerusalemu. Namwe mur' ivyabona vyo kuvuga ivyo. Abavanaho, abashitsa aharābana n'i Betaniya, aterura amaboko, arabahezagira. Akibahezagira, atandukanywa na bo, adūzwa mw ijuru.

(Luka 24:46-48 & 50-51)

\*\*\*\*\*

Et il leur dit: Ainsi il est écrit que le Christ souffrirait, et qu'il ressusciterait d'entre les morts le troisième jour, et que la repentance et le pardon des péchés seraient prêchés en son Nom à toutes les nations, à commencer par Jérusalem. Vous êtes témoins de ces choses. Il les conduisit jusque vers Béthanie, et, ayant levé les mains, il les bénit. Pendant qu'il les bénissait, il se sépara d'eux, et fut enlevé au ciel. (Luc 24:46-48 & 50-51)

Kuk' urukundo Imana yakunze abari mw isi ari rwo rwatumye itanga Umwana wayo w'ikinege, ng' ūmwizera wese ntaz' apfe rubi, arikw ahabge ubugingo budashira. Kukw Imana itatumye Umwana wayo gucira abari mw isi urubanza, ariko ngw abari mw isi bakizwe na we. Ūmwizeye ntazotsindwa n'urubanza, arik' ūtamwizeye aramaze gutsindwa, kukw atizeye izina ry'Umwana w'Imana w'ikinege. (Yohana 3:16-18)

Car Dieu a tant aimé le monde qu'il a donné son Fils unique, afin que quiconque croit en lui ne périsse point, mais qu'il ait la vie éternelle. Dieu, en effet, n'a pas envoyé son Fils dans le monde pour qu'il juge le monde, mais pour que le monde soit sauvé par lui. Celui qui croit en lui n'est point jugé; mais celui qui ne croit pas est déjà jugé, parce qu'il n'a pas cru au nom du Fils unique de Dieu. (Jean 3:16-18)

---

Tuvuze yukw ata caha dufise, tuba twizimiza, ukuri ntikuba kuri muri twebge. Ni twatura ivyaha vyacu, ni yo yo kwizigirwa kand' igororoka, ivyo ni vyo bituma iduharira ivyaha vyacu, ikatwoza ukugabitanya kwose. (I Yohana 1:8-9)

Si nous disons que nous n'avons pas de péché, nous nous séduisons nous-mêmes, et la vérité n'est point en nous. Si nous confessons nos péchés, il est fidèle et juste pour nous les pardonner, et pour nous purifier de toute iniquité. (I Jean 1:8-9)

---

Yesu aramubgira, ati Ni jewe nzira n'ukuri n'ubugingo: nta wushika kuri Data ntamujanye. (Yohana 14:6)

Jésus lui dit: Je suis le Chemin, la Vérité, et la Vie. Nul ne vient au Père que par moi. (Jean 14:6)

---

Ni muze kuri jewe mwese abananiwe n'abamerewe, ndabaruhura; mwikoreze ingata yanje, munyigireko; kuko nd' umugwaneza, niyoroheje mu mutima; namwe muzoronka uburuhukiro bg'imitima yanyu. Kukw ingata yanje itababaza, n'umutwaro wanje uhwahutse. (Matayo 11:28-30)

Venez à moi, vous tous qui êtes fatigués et chargés, et je vous donnerai du repos. Prenez mon joug sur vous et recevez mes instructions, car je suis doux et humble de coeur; et vous trouverez du repos pour vos âmes. Car mon joug est doux, et mon fardeau léger. (Matthieu 11:28-30)

---

Hariho n'ibindi bimenyetso vyinshi Yesu yakoreye imbere y'abigishwa, bitanditswe mur' iki gitabo. Arikw ibi vyandikiwe kugira ngo mwizere yuko Yesu ari we Kristo, Umwana w'Imana, no kugira ngo mwizeye mugire ubugingo mw izina ryiwe. (Yohana 20:30-31)

Jésus a fait encore, en présence de ses disciples, beaucoup d'autres miracles, qui ne sont pas écrits dans ce livre. Mais ces choses ont été écrites afin que vous croyiez que Jésus est le Christ, le Fils de Dieu, et qu'en croyant vous ayez la vie en son nom. (Jean 20:30-31)

---

Ndi Alufa na Omega, uwa mbere n'uwa nyuma, itanguriro n'iherezo. (Ivyahishuriwe Yohana 22:13)

Je suis l'alpha et l'oméga, le premier et le dernier, le commencement et la fin. (L'Apocalypse 22:13)

**AΩ**



Mbese aya masengesho ahuye ni ibili mu mutima wawe? Niba ali byo, senga aya masengesho na Yesu arinjira mu bugingo bwawe nkuko yabisezranyije:

*“Umwami Yesu, Namaze Kumenya Ko Jyewe ndi umunyabyaha ndagukeneye mu bugingo bwanjye. Nda gushimira ko wemeye gupfira ku musalaba kugira ngo unkureho ibya byanjye. Urakoze kumbabalira no kumpa ubugingo bw’iteka Nguhaye ikaze mu bugingobwange nk’umwami n’umu kiza w’ubugingo bwanje. Nadkwinginze uyobore ubugingo bwange.”*

Izina \_\_\_\_\_ Italiki \_\_\_\_\_

\*\*\*\*\*

Cette prière exprime-t-elle un désir qui est dans votre cœur? S’il en est ainsi, dites avec foi cette prière que nous vous suggérons ci-dessous, et Christ entrera dans votre vie ainsi qu’il l’a promis.

*Seigneur Jésus, je suis conscient d’être un pécheur et j’ai besoin que Tu viennes dans ma vie. Je te remercie d’avoir accepté de mourir sur la croix pour effacer mes péchés. Je te remercie parce que tu me pardonnes de mes péchés et que tu me donnes la vie éternelle. Je t’invite à entrer dans ma vie comme Sauveur et Seigneur. S’il te plaît sois désormais Celui qui dirige toute ma vie.*

Nom \_\_\_\_\_ Date \_\_\_\_\_

Illustrated by: Linda Riddell

---

The AfroRomanU font used to print this work is available from  
Linguist's Software, Inc., PO Box 580, Edmonds, WA 98020-0580 USA  
Tel: (425) 775-1130 Website: [www.linguistsoftware.com](http://www.linguistsoftware.com)

[www.goodnewscoloringbook.org](http://www.goodnewscoloringbook.org)

Kirundi/French Teaching Edition (Burundi)

